

## Fowòm sitwayen pou refòm jistis penal la

### Pouvwa Jidisyè a pa granmoun tèt li, li depann de lòt Pouvwa yo

Katriyèm Fowòm nan mwa sektanm 2003 a te pèmèt nou tire konklizyon sila a : Majistra Lajistis yo pa granmoun tèt yo. Se youn nan pwoblèm kle ki mande n fè bon jan chita tandè. Dokiman diskisyon sila a montre sou ki baz yon sistèm jistis ki granmoun tèt li tout bon vre dwe chita. Li bay kèk éleman pou pèmèt nou fè analiz sityasyon pouvwa judisyè a epi tou li vini ak yon seri kesyon pou n pouse diskisyon an pou pi devan.

*Dokiman pou prepare senkyèm Fowòm nasyonal la*

Pòtoprens, fevriye 2004



## Rapèl divès fondman grandèt jij yo

Konstitisyon 1987 la tabli Pouvwa Jidisyè a tankou youn nan gwo Pouvwa Leta yo. Kidonk sou baz sa a Pouvwa Jidisyè a dwe kapab reprezante tèt li epi gen pwòp mwayen li pou li òganize l pou li fè travay li. Se sa ki eksplike li dwe granmoun tèt li. Atik 60 nan Manman lwa peyi a rekonnèt Lajistis kòm youn pouvwa ki granmoun tèt li. Règ jwèt demokratik yo tankou jirispridans (desizyon jij yo te konn pran deja) entènasyonal yo ak nan rejyon an, garanti dwa sila a.

Youn nan kondisyon ki pèmèt enstitisyon nan tout sosyete mache pi byen selon règ jwèt demokratik yo, se lè Lajistis pa restavèk okenn lòt pouvwa kit se Pouvwa Egzekitif la oswa Pouvwa Lejislatif la kit se lòt gwoup enfliyan nan sosyete a. Sa vle di lè Lajistis granmoun tèt li ak lè l ap fonksyone san l pa sou zòd lòt. Se sou youn baz konsa jij yo kab egzèse fonksyon yo kòm sa dwa. Se sou menm baz sa a tou, yo dwe chita pou pran tout desizyon yo gen pou pran yo san fòs kote oswa san paspouki. Yon jij pa dwe bay legen poutèt presyon y ap fè sou li. Kidonk youn jij dwe gen anpil kouraj, li dwe rete konsekan ak tèt li. Se sèlman lalwa ki dwe bousòl li.

Premye objektif youn jistis ki granmoun tèt li, se garanti dwa sitwayen yo genyen nan pwosè a menm. Sa vle di tou youn pwosè ki pa gen fòs kote ladan l. Lè youn jij endepandan, se pa youn privilèj li genyen poutèt sa, men se youn garanti pou respè dwa moun ak respè libète sitwayen yo. Sa pa vle di pou otan se youn sistèm ki mete an plas ki ta retire jij yo anba tout kontwòl ak siveyans. Okontrè, paske Lajistis granmoun tèt li, jij yo ta dwe met plis disiplin nan pwòp enstitisyon pa yo.

Pou fini, youn jistis ki granmoun tèt li pa konsènen sèlman jij nan tribinal pou premye jijman, jij nan tribinal pou dezyèm jijman ak jij nan tribinal kasasyon (tribinal dènye jijman). Sa konsènen jij nan tribinal depè yo tou ki la pou ranmase premye enfòmasyon yo epi voye tout dosye ki pa nan konpetans yo nan Pakè. Se Ministè piblik la ki dwe deside si li dwe pouswiv oswa pa pouswiv yon dosye. Se jij enstriksyon an ki dwe ranmase enfòmasyon sou yon dosye epi ki dwe deside si li dwe voye l devan youn tribinal. Kidonk, youn jistis ki granmoun tèt li konsènen jij k ap mennen ankèt yo tou.

Pou kounye a, n ap konsantre n espesyalman sou sitiwayon jij nan tribinal kasasyon (tribinal dènye jijman) yo, jij nan tribinal pou dezyèm jijman yo, jij nan tribinal pou premye jijman ak jij nan tribinal depè yo. Se chapit 4, atik 175 Manman lwa peyi a ki pale sou kesyon Pouvwa Jidisyè a. Pou sa ki gen awè ak manm Ministè Piblik yo, (Komisè Gouvènman an ak komisè annapre l yo) ak lòt aktè ki okipe fonksyon polis jidisyè a, se pi devan kesyon sila yo ap diskite nan chita tandè ki gen pou fèt sou zafè Ankèt la.

### Endikatè ki pèmèt nou fè bon jan analiz sou sitiwayon Pouvwa Jidisyè a

Nan analiz n ap fè sou sitiwayon Lajistis, **nou bezwen divès kritè pou n rive mezire nan ki nivo jij yo granmoun tèt yo.** Endikatè sila yo dwe pèmèt nou konprann pi byen :

- ki relasyon jij yo genyen ak lòt Pouvwa yo
- ki kapasite jij yo genyen yo menm menm pou mennen bak òganizasyon Lajistis la



- **kouman jij yo òganize yo** pou defann pwòp enterè yo ansanm ak règ jwèt ki dwe mennen bak jij yo.

Men ki sa nou pwal mezire **pou nou wè nan ki nivo jij yo granmounn tèt yo** :

1. nominasyon jij yo
2. estabilite nan fonksyon jij yo
3. **libète pou jij yo rann jistis kòmsadwa ak fason sistèm jistis la òganize**
4. jesyon bidjè a
5. asosyasyon pou defann dwa jij yo



## Règ jwèt nimewo 1 : Nominasyon jij yo

### *Prensip yo*

Nominasyon jij yo **dwe fèt yon mannyè** pou yo pa tounen restavèk otorite ki fè nominasyon yo. Anvan nominasyon yo fèt, yo dwe chita davans sou konpetans, kalifikasyon **ak dwati** tout moun yo ta dwe nonmen nan pòs jij.

### *Fondman règ jwèt la*

Atik 175 Manman lwa peyi a deklare nan ki fason pou yon moun vin jij : “Se Prezidan Repiblik la ki nonmen jij nan tribinal kasasyon (tribinal dènye jijman) yo, sou yon lis twa [3] non Lachanm senatè prezante l pou chak plas jij. Jij pou tribinal dezyèm jijman ak jij pou tribinal premye jijman yo, se sou yon lis Asanble Depatman (AD) an prezante Prezidan an nonmen yo, pou tribinal nan depatman an. Jij nan tribinal depè yo menm, se sou yon lis Asanble Minisipal (AM) yo prepare, Prezidan an nonmen yo”.

### *Analiz*

Malgre jij yo fè pati youn nan pi gwo pouvwa anndan estrikti Leta peyi d Ayiti a, se pa nan eleksyon yo sòti. Kidonk, tout moun ki nan Egzekitif la ak Lejislatif la se nan eleksyon yo soti. Men, se otorite ki eli nan de [2] Pouvwa sila yo ki bay jij yo lejitimite. Selon règ jwèt ki tabli yo, se kolektivite teritoryal yo tankou Asanble lokal yo, Chanm senatè a ki prezante Prezidan Repiblik la yon lis non, epi li fè nominasyon jij yo. Se vre, pouvwa dirèk Prezidan an te genyen anvan 1987 la pou nonmen jij yo vin diminye. Men jij yo pa chape anba enfliyans otorite ki eli yo pou sa, paske se otorite sila yo menm ki fè pwopozisyon pou nonmen jij yo. Konsa, pwoblèm nan pa rezoud nèt. Nan moman manda jij yo pral fini, enfliyans

kolektivite teritoryal yo kapab manifeste pi plis, paske jij yo ta toujou renmen pou manda yo renouvle. Nan yon sityasyon konsa, eske Manman lwa peyi a pa t vin mete absè sou klou ?

Pou n di laverite, menm si gen pwoblèm sila yo, li difisil nan moman n ap viv la pou n konstate si pwoblèm sa yo egziste tout bon vre. Nan sa ki konsènen pwosedi ki pou mennen nan nominasyon jij yo, se sèlman pwosedi pou nonmen jij nan tribinal kasasyon (tribinal dènye jijman) **an** ki respekte jous kounye a. Pou sa ki konsènen jij nan tribinal dezyèm jijman, jij nan tribinal premye jijman ak jij nan tribinal depè yo, se Asanble Depatman (AD) an ak Asanble Minisipal (AM) yo ki dwe fè pwopozisyon yo. Men, Manman lwa peyi a poko janm respekte. Yon lòt bò, nan moun ki gen diplòm nan dènye pwomosyon Lekòl pou sèvi jij ak lòt moun k ap sèvi nan tribinal, 18 sou 25 poko janm jwenn lèt pou yo travay kòm jij, alòske Ministè Lajistis fè divès nominasyon nan tout nivo nan aparèy jistis la.

### **Kesyon**

- Kouman nominasyon yo dwe fèt pou pèmèt jij yo granmoun tèt yo?
- Kouman yo kab garanti konpetans jij yo?
- Eske wòl Asanble lokal yo genyen yo kab garanti endepandans jij yo tout bon vre ?
- Si Lekòl pou sèvi jij ak lòt moun k ap sèvi nan tribinal ta tabli yon pwosedi konkou pou fè nominasyon jij yo epi Gran Konsèy jij yo ta



kontwole. Eske se pi bon fason ki ta kab pèmèt jij yo granmoun tèt yo tout bon vre ?

## Règ jwèt nimewo 2 : Estabilite nan fonksyon jij yo

### *Prensip yo*

Jij yo dwe gen yon estabilite nan pwofesyon yo, yon manyè pou yo pa gen redevans ak okenn otorite. Estabilite sila a kab garanti omwen de [2] jan. Oswa yo tabli yon sistèm kote jij yo nonmen pou tout tan epi kote yo ka pran pwomosyon anndan òganizasyon Jidisyè a (sa yo rele fè karyè nan pwofesyon an). Oswa yo tabli yon sistèm manda ki bay jij yo estabilite pou tan sèvis ki prevwa a (sa yo rele manda). Se lalwa ki dwe prevwa retrèt pou jij yo epi sèl lè yo kab revoke yon jij, se sizanka yon tribinal ki konpetan ta fin jije li pou yon kòz nan pye travay li, oswa si yo ta akize li devan Lajistis, kòmkiwa li fè yon krim oswa yon lòt bagay. Toujou nan kad manda yo, lalwa dwe garanti pwofesyon jij yo pandan toutan sèvis yo.

### *Fondman règ jwèt la*

Manman lwa peyi a rekonnèt, jij yo gen yon manda ant sèt [7] al pou dis [10] lane. Atik 174 Manman lwa peyi a deklare : «Jij nan tribinal kasasyon (tribinal dènye jijman) ak jij nan tribinal pou dezyèm jijman yo nonmen pou dis [10] lane, jij nan tribinal pou premye jijman yo nonmen pou sèt [7] lane. Tan sèvis jij koumanse jou yo leve lamèn pou travay jij yo». Atik 177 Manman lwa peyi a deklare: «Yo pa kab bay yon jij okenn lòt pòs, menm si se yon pwomosyon, si jij la pa dakò». Lalwa pa prevwa okenn garanti pou manda jij depè yo. Otorite yo kapab revoke yon jij depè nan nenpòt ki moman.

### *Analiz*

Manman lwa peyi a retire otorite Egzekitif la te genyen sou Lajistis pou l te nonmen jij yo dirèkteman. Se Chanm senatè a ak Asanble tèritoryal yo ki dwe yo menm fè pwopozisyon jij yo, epi Prezidan Repiblik la nonmen yo. Konsa, se yon sistèm manda ki vin tabli kòm fondman ki dwe mennen bak Lajistis. Kidonk, Manman lwa peyi a elimine kareman kesyon **pwomosyon an nan** òganizasyon Jidisyè a.

An reyalite se pa yon sekre pou pèsoun, tout moun konnen Ministè Lajistis toujou revoke jij yo san okenn rezon, yon fason gwo ponyèt san okenn respè pou lalwa. Yo poko janm mete okenn estrikti an plas ki dwe pèmèt kolektivite tèritoryal yo fonksyone. Se sa ki lakòz tou kolektivite yo poko janm patisipe nan chwa jij yo. Sa vle di, tout jij yo ap benyen nan ilegalite, yo pa konstitisyonèl. Sityasyon sila a lakòz pòs yo okipe yo pa gen okenn garanti, sa lakòz abitrè ak gwo ponyèt tou epi Lajistis vin restavèk lòt Pouwwa yo.

### *Kesyon*

- Eske yon sistèm manda kab pèmèt gen estabilite nan fonksyon jij yo? Oubyen eske nou dwe prefere yon sistèm “karyè” pwofesyonèl?
- Poukisa jij depè yo pa gen manda tankou lòt jij yo ki fè yo pa kab revoke yo nenpòt jan ?



### Règ jwèt nimewo 3 : libète jij yo genyen pou rann jistis kòmsadwa ak fason sistèm jistis la òganize

#### *Prensip*

Jij yo dwe regle tout zafè ki vin devan yo san paspouki. Tout bagay dwe regle selon lalwa, san kondisyon, san yo pa enfliyanse desizyon jij yo, san pwovokasyon, san menas oswa entèvansyon gwo ponyèt, kit li dirèk kit li endirèk, nenpòt kote li soti, **pou** nenpòt ki rezon.

Se yon enstans anndan sistèm Lajistis ki ta dwe kontwòle tout sa ki gen awè ak Lajistis tankou : òganizasyon tribinal yo nan fason wòl yo dwe pataje, distribisyon dosye yo, kontwòl disiplin nan tribinal yo, enspeksyon tribinal yo. Yon mezi konsa ta kapab pèmèt Lajistis chape anba kontwòl tout lòt Pouwva yo.

#### *Fondman règ jwèt la*

**Tout lwa peyi a sou kesyon rann lajistis di fòk jij yo libelibè.**

**Men pou sa ki konsènen jan sistèm jistis la òganize, lwa espesyal Ministè Lajistis la ak Dekrè 1995 lan rekonnèt dwa Egzekitif la genyen pou l foure je gade kijan òganizasyon Lajistis la ap mache. Se sa ki fè Ministè Lajistis vin gen anpil enfliyanse sou Lajistis. Konsa, li pase chèf tribinal yo ak chèf Pakè yo lòd sou ki fòm yo dwe jere tribinal yo epi tabli disiplin nan tribinal yo. **Li vin gen kontwòl sou aktivite jij yo.** Yon lòt bò, Gran Konsèy Jij yo ki kounye a fòme sèlman ak jij nan tribinal kasasyon yo, **genyen kòm misyon pou bay jij ki ta konpòte yo mal sanksyon lalwa prevwa.** Gran Konsèy Jij yo pa gen pouvwa pou foure bouch ni nan jan tribinal yo ap mache ni nan zafè bidjè.**

#### *Analiz*

Reyalite a montre n divès enfliyanse Pouwva Egzekitif la genyen sou Lajistis. **Genyen ki andyò lalwa, gen lòt ki chita sou jan lalwa òganize relasyon ak pouwva egzekitif la menm.**

Anpil fwa se nan Palè Nasyonal, nan Ministè Lajistis divès dosye monte. Otorite yo konn konvoke jij yo, epi pase yo lòd di yo ki jan yo dwe trete divès dosye ki ale nan pwòp enterè yo. Otorite yo toujou bay jij yo anpil presyon, yo fòse yo siyen divès manda ki pa fin twò klè. Kidonk otorite politik tankou otorite lapolis yo menm jan ak otorite lokal yo, toujou ap bay presyon yon mannyè pou enfliyanse desizyon jij yo sou kèk dosye

Ministè Piblik la aji dèyè do lalwa, lè l pa egzekite desizyon Lajistis yo ak lè li bloke desizyon Lajistis yo. Nan ka sa a, li vyole atik 181-1 Manman lwa peyi a ki deklare : "Se onon Repiblik d Ayiti yo dwe rann tout desizyon tribinal oswa tout jijman. Se onon Repiblik d Ayiti tou yo dwe aplike yo. Tout komisè gouvènman ak tout moun leta bay dwa fè fòs pou yo aplike lalwa, resevwa desizyon sa yo ak jijman yo ansanm ak lòd pou yo aplike yo (...)"

Tankou n sot wè sa nan divès pwen, Egzekitif la gen anpil mwayen nan men l pou foure je gade kouman òganizasyon Lajistis la ap mache, epi gade tou kouman lòt dosye ap mache. Se vre, fason kèk jij konpòte yo depan de konviksyon yo nan enstitisyon an. Men tou, yo dwe respekte fonksyon jij la ak wòl li genyen yo.



Gran Konsèy Jij yo kapab pran mezi pou met bon disiplin. Men, li pa gen fòs pou kontre ak tout fourè bouch lòt Pouvwwa yo nan Lajistis.

*Kesyon*

- Eske Minis Jistis la gen wòl pou l jwe nan òganizasyon Lajistis la ?
- Kouman yo dwe chwazi jij ki ta dwe administre Lajistis, tankou dwayen tribinal premye jijman an oswa prezidan tribinal dezyèm jijman an ?
- Kijan Gran Konsèy Jij yo ta kapab evite tout kalite fourè bouch nan òganizasyon tribinal yo ak lè yo bezwen rann jistis ?



## Règ jwèt nimewo 4 : Jesyon bidjè a

### *Prensip*

Tout enstitisyon granmoun tèl li dwe gen pwòp bidjè l. Se yon eleman enpòtan ki kab pèmèt li byen jere tèl li.

### *Sitiyasyon règ jwèt la*

Lwa sou finans nan peyi d Ayiti ki gen ladan l bidjè ki lakòz leta fonksyone, pa prevwa okenn bidjè pou Lajistis kòm yon Pouvwa tankou lòt yo. Lwa a prevwa yon bidjè pou Ministè Lajistis ki konfòm ak dekrè 30 mas 1984 la.

Se sou chapant sa a Ministè Lajistis ak Sekirite Piblik la resevwa yon pousantaj nan bidjè nasyonal la epi li fè yon repatisyon sou ki pi bon mwayen li kab depanse kòb la. Konsa, gen yon pati lajan k al jwenn Lajistis ak Polis Nasyonal la. Kidonk, se Ministè Lajistis ki pèmèt Lajistis jwenn kichòy nan bidjè nasyonal la. Se sèlman 1,99 pousan nan bidjè nasyonal la ki al jwenn Lajistis, epi se Ministè Lajistis k ap jere l.

### *Analiz*

Pouvwa Jidisyè a pa patisipe menm jan ak lòt pouvwa leta yo nan fè ak defann bidjè li bezwen pou li ranpli misyon li. Mwayen yo ba li yo pa kont pou li mennen bak lajistis la. Se plis kòb jij yo touche chak mwa ki nan bidjè a aloske lajan pou tribinal yo mache pa reprezante anyen.

Bidjè ki aladispozisyon sektè jistis la se Ministè Lajistis ki jere li. Sa fè Ministè Lajistis vin jwi yon gwo privilèj. Men tou, sa pèmèt Egzekitif la vin gen plis otorite sou Lajistis. Menm pou jij yo touche, se nan Ministè a y al chèche chèk yo.

### *Kesyon*

- Kouman bidjè ki vin pou Lajistis la ta dwe repati epi adminstre l tankou yon pouvwa ki granmoun tèl li ?
- Ki wòl Gran Konsèy Jij yo ta dwe jwe pou pwopoze epi jere bidjè pou Lajistis ?



## Règ jwèt nimewo 5 : Asosyasyon pou defann dwa jij yo

### *Prensip*

Jij yo libelibè pou fè yon tèt ansanm oswa pou asosye ak lòt òganizasyon, yon mannyè pou defann enterè yo, fòmè tèt yo, lite pou Lajistis kab granmoun tèt li.

### *Sitiyasyon règ jwèt la*

Manman lwa peyi a ak Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun yo rekonnèt dwa jij yo genyen menm jan ak tout lòt **sitwayen pou fòmè asosyasyon**. Men tou, lè jij yo ap egzèsè dwa sila yo, yo dwe montre yo gen bon konpòtman, yon mannyè pou tout moun kab wè yo pa panche yon bò, se yon lòt mannyè tou pou tout moun kab wè jij yo pa gen paspouki epi y ap travay pou yon jistis ki granmoun tèt li.

### *Analiz*

Asosyasyon jij ki fenk fòmè yo genyen divès objektif, tankou bay patisipasyon yo pou jij yo vin granmoun tèt yo epi chèche kouman dwa jij yo kab respekte. Kèk nan asosyasyon sila yo, espesyalman ANAMAH (Asosyasyon Nasyonal Majistra Ayisyen), gen nan manm li yo ki toujou anba presyon Pouvwa Egzekitif la oswa yo fè tantativ pou revoke yo.

### *Kesyon*

- Ki wòl asosyasyon jij yo genyen pou sa ki konsènen endepandans jij yo ?
- Ki mòd relasyon asosyasyon jij yo ta dwe genyen ak asosyasyon nan sosyete sivil la ?



Se **Komite Fowòm sitwayen pou refòm jistis penal la** ki prepare ti dokiman sa a. Manm yo se :

*Ayiti Solidarite Entènasyonal (HSI)*  
*Sant Ekimerik pou Dwa Moun (CEDH)*  
*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè (JILAP)*  
*Ak konkou PNUD : Pwogram Nasyonzini pou Devlopman.*

Kontakte sekretarya Jistis ak Lapè nan departman ou.

Nan Pòtoprens, nou kapab kontakte tou Biwo Komite Fowòm nan ki chita nan nimewo 4, rue des Marguerites. Tél. 245 41 06

